

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan nu aya dina bab IV ngeunaan karakteristik tokoh Pandawa dina carita Mahabarata bisa dicindekeun yén dina carita Mahabarata aya sabelas bagian carita, nyaéta Luluhur Pandawa, Pandawa Jajaka, Pandawa Papa, Pandawa Ngadeg Raja, Pandawa Diperdaya, Pandawa kasangsara, Pandawa Nagih Jangji, Mepek Balad, Baratayuda I, Baratayuda II, Pandawa Séda.

Tokoh Pandawa dina carita Mahabarata nyaéta Yudistira sering disebut ogé Semiaji, Bima sok disebut ogé Werkodara, Arjuna, Nakula jeung Sadéwa. Dina unggal carita tokoh Pandawa anu sering kacaritakeun nyaéta Yudistira, Bima, jeung Arjuna, Nakula Sadéwa mah jarang kacaritakeun jadi rada hésé nalungtik karakterna. Karakteristik dina para tokoh Pandawa nyaéta 1) Yudistira karakteristikna sabar, wijaksana, adil, soléh, berbudi, tigin nohonan jangji, rajin, moboga rasa mulang tarima, handap asor, welas asih, tara daék perang, luluhur aji, tanggung jawab, tara nganiaya, pinter, tara dendam, nyaah ka dulur, nyaah kasasama, satia, ihlas, jujur, resep nulung nu prihatin jeung resep maén dadu. 2) Bima karakteristikna gagah, gedé ambek, nyaah kadulur, gedé jajatéan, basana kasar, sombong, gembul, tuhu, punjul dina ngulinkeun gada, tara ceurik, teu tégaan jeung haténa lempeng. 3) Arjuna karakteristikna Rajin guguru, gedé kawani, embung éléh, punjul dina mentangkeun jamparing, pokus kana

pamaksadan, kerja keras, tara pegat harepan, kasép, gagah, handap asor, nyaah kadulur, réla berkorban, haté nu bersih, sok nulungan kanu keur susah, tuhu, tanggung jawab, ngaku kana kasalahan, teu boga rasa dendam, teu tégaan, jeung mapakan Déwa. 4) Nakula karakteristikna nyaah ka dulur, hormat ka indung, tuhu ka dulur, jago ngulinkeun pedang, sarta dir. 5) Sadéwa karakteristikna nyaah ka dulur, hormat ka indung, tuhu, pinter, jago ngulinkeun pedang jeung réla berkorban.

Dina karakteristik tokoh Pandawa aya sababara ajén moral anu nyampak, di antarana, nyaéta sabar aya sabelas (10,47%), Wijaksana aya dua (1,90%), Adil aya salapan (8,57%), Soléh aya dua (1,90%) Berbudi aya lima (4,76%) Tigin nohonan jangji aya hiji (0,95%), Rajin aya hiji (0,95%), Mulang tarima aya hiji (0,95%), Handap asor aya opat (3,80%), Welas asih aya hiji (0,95%), Tara nganiyaya aya hiji (0,95%), Tanggung jawab aya opat (3,80%), Pinter aya opat (3,80%), Teu dendam aya dua (1,90%), Nyaah ka dulur aya sabelas (10,47%), Nyaah kasasama aya dua (1,90%), Satia aya hiji (0,95%), Ihlas aya tilu(2,85%), Jujur aya dua (1,90%), Resep nulungan aya tilu (2,85%), Resep maén dadu aya dua (1,90%), Gedé ambek aya lima (4,76%), Tuhu aya tujuh (6,66%), Teu téga aya hiji (0,95%), Basa kasar aya tilu (2,85%), Haté nu lempeng aya hiji (0,95%), Rajin nyiar élmu aya hiji (0,95%), Embung éléh aya hiji (0,95%), Teu putus asa aya hiji (0,95%), Réla berkorban aya lima (4,76%), Haté na bersih aya hiji (0,95%), Ngaku kana kasalahan aya hiji (0,95%), Hormat ka sepuh aya tilu (2,85%), Dir aya hiji (0,95%), Sombong aya dua (1,90%)

Hasil panalungtikan karakteristik tokoh Pandawa dina carita Mahabarata dumasar kana kriteria bahan pangajaran sarta luyu jeung standar kompetensi jeung kompetensi dasar ngeunaan carita wayang, ieu carita bisa dijadikeun bahan ajar pikeun siswa kelas dua di SMA.

## 5.2 Saran

Dina ieu panalungtikan anu museur kana karaktristik tokoh Pandawa dina carita Mahabarata, tangtu ieu panalungtikan téh heureut pisan ku kituna dipiharep aya nu nalungtik perkara carita wayang sarta pagelaran wayang golék anu leuwih jembar deui. Sarta ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun bahan pangajaran disakola-sakola hususna di SMA anu medar ngeunaan carita wayang, sangkan siswa bisa mikaresep kana carita wayang sarta pagelaran wayang golékna.